ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

# АДЫГЭ ІЛЫАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№158 (22.566) • 2013 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 16, мэрем • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр соми 3-щ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

• Дыгъуасэ

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** трихащ.

# Къэжэр Альберт Анзорей щыщІалъхьэжащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм кыыбгъэдэкІыу УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым хэта, щыщкъэуІум и 14-м автомобиль зэкъэхэуэм хэкІуэда Къэжэр Альберт дыгъуасэ КЪБР-м и Лэскэн районым щыщ Анзорей къуаджэм щыщІалъхьэжащ. Гуауэм кърихьэлІащ Федерацэмкіэ Советым и лІыкІуэхэр, Парламентым и ипщэ палатэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ Торшин Александр я пашэу, Ингушскі Республикэм и Щыхьбэ Зэхуэсым и Унафэщ Дидигов Мухьэрбэч, Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм и Іэтащхьэ Мамсуров Таймураз, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Правительствэм и Унафэщ Кьардэн Мурат сымэ эи пашэ гупхэр, КъБР-м и къэрал властым и органхэм, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, республикэм и щыпІэ куэдым щыпсэуэхэр.

Гуэвзэгъуэ гъэдэм кьащІасалъэм КъБР-м и Іэтащхьэ **Кьанокъуэ Арсен** кьыкІигъэщхьэхуэкІащ и ныбжьэгъуэ икІи и лэжьэгъуэ блэкІа зэманым atу тепсэлъыхьыну хуабжьу кьыззрехьэлъэкІыр. «Къэбэрдей-Балъкъэрым фІэкІуэдащ щыналъэр, Кавказ Ищхьэрэр, зэрыщыту Урысей Федерацэр егъэлеяуэ фІыуэ зыпІалъу щыхьр. Ар хуабжьу хуэсакьыу бгъэдыхьэрт езыр щалъхуа щыналъэм пыщІа сыт хуэдэ Іуэхуэм. Сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрымыстам, Альберт Хьэту и кьуэр лэжьыгъэм хуэжьыдэжу щытащ, псалъэкІи Іуэхукіи щыхуэхэм зэрадэІэпыкъуным хущІэкъуу, республикэм и жылагъуэ-политикэ гъащІэм зэреплъыр зэІуахуэу жиІэу икІи пхтІгъэкІыу. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым и Администрацэм и Унафэщу, иужькІэ федеральнэ ныкъэнэ зиІэ политикІыу эдэлажьэм, абы КъБР-м и сэбэп зыхэлъхэр Федерацэмкіэ Советым, гъэззэщакІуэ власты и федеральнэ органхэм жыджэру щыпхигъэкІыу екІуэкІащ. Ар щыху зэІухат, нехьэкІ-кьехьэкІ зымыщІэ политикт, ныбжьэгъу нэст, унагъуэгъэ. ИкІуэкІэ щыхьэрымыкІуэ апхуэдэ щыхуэр зэрыщІымыгъуэжыр. Къэжэр Альберт Хьэту и кьуэм и фэеплъыр гъэльэпІэнымкІэ Іуэху нэхъыфІ дыдэу щытынущ иджырей зэманым хэззгъа, зэпымыууэ ефІакІуэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэтегъэуэвэным хуэгъэзауэ ар зыщІэжьэгъэсэжр гъэззэщІэныр, - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

Федерацэмкіэ Советым и Унафэщі Матвиенкэ Валентинэ, сенаторым и лэжьэгъуэ щытахэм я цІэкІэ **Торшин Александр** хэкІуэдам и унагъуэм хуэгуэзащ. «Федерацэмкіэ Советым ар щылэжьащ законхэр кьэщтэным куууэ егупсысу икІи нэхъ захуэу кьиІыпІэ Іуэхуэр зэрыпхигъэкІыным ерыщу хущІэкъуу. А псомэ я кьаджкІуэу, абы жэуапІныгъэмэ зыпыІуидзытэкъым. Ар нэхъ щІалэхэм кьащхьэщыжыт икІи абыхэм я екъуІэныгъэхэм хуабжьу щыгуфыкІыкІт. Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыпсту зеужь икІи абы псомэ гу лъатэ. Аращ Альберт Хьэту и кьуэм хуэдэ щыхуэхэм республикэхэм я лІыкІуэ гупхэм я унафэщхэм, дунейм екьижам дэлажьэу щытахэм, и кьуажэгъуэхэм щыкагъэщхьэхуэкІащ Къэжэр Альберт и Іэщагъэм хуэІэзэу, щыху нэсу, ныбжьэгъу пэжу, щалэгъуалэм я гъэсакІуэ Іэкіуэлъакіуэу зэрыщытар.

КъБР-м и Парламентым и спикер **Чеченов Ануар** жиІащ мы махуэхэм Урысейм и щыналъэ зэмылІэужьыгъуэхэм, нэгъуэщІ кьэралхэм кьикІыу Къэжэр Альберт зыщІыхуу щытахэм, дэлэжьакъэм, и ныбжьэгъуахэм кьабгъэдэкІ телеграммэхэр кьыдэзыкІуэр икІи ахэр дунейм екьижам и Іыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ, республикэм исхэм кьаззрыхуэгузавэр.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапіэ.*

• Налшык къалэ

## Гъэплъыгъуэ лъэхъэнэм тращІыхь

**Налшык и «Пушкин» гъэплъыпІэм и кІэм щынэблагъащ ар техникэщІэкІэ зэшІуэгуэдным техуэда лэжьыгъэхэр. КВІМ-Т-56 хьэкуцІэхуу щымкІэ дяпэкІэ ягъэпльынущ щыпІэм кьарагъэбыдыІа хьэблэщІэри.**

ЯПЭЩІыкІэ зэпкърахащ илъэс 40-м щІигъуакІэ лэжьа Іэмэпсымэхэр: бжьамийхэр, насосхэр, нэгъуэщІхэр.

Энергетикэмкіэ, пензупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ тариф политикэмкіэ министр Кучменов Тэхьир и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, гъэплъыпІэщІэр жэпуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу ягъэхьэзырынущ. «ТЭК» ОАО-м и «Пушкин» гъэплъыпІэм и хуабэр зыкІоІэс псори зэхэту щыху мин 12-м, апхуэдизу псэуалъэ, къэрал, коммерцІэ Іуэхущ Іапіэ зыбжанэм. Ар щІэрыщІэу зэтеухуэным хуэгъэза лэжьыгъэхэм сом мелуан 28-рэ хухахащ.

ЗэкІэ къыгуагъэхьа хьэблэщІэм щыпсэуэхэм псы пщтыр кьезытыр «Нарт» гъэпльыпІэращ.

**ГУЗЕЕВЭ Индирэ.**

• Іэ Іэт

## Іуащхьэмахуэ и увыпІэ лъагэр

Іуащхьэмахуэ. Ар конкурсым и етІуанэ Іыхьэм хэхуэн папщІэ увыпІэ нэхъ лъагэ зыІыгъу 30-м яхиубыдэн хуейщ. Абы папщІэ Европэм и щыгу нэхъ лъагэ дэм папщІэ иджыри щыху зэпэщІэтынигъэр нэхъри тКІий щохьу, щІэпхъаджагъэу ялэжьыми щыхохьэ. Зэныкъэкъу гупхэм ящыщу хэкІуадэхэри уІэгъэ хьэхэри кІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Щіыху губжьаэр ятоуэ лажьэ зимыІэхэм. А Іуащхьэмахуэ я щІыналъэ къудамэхэр щІыналъэ къудамэхэр Іэнатіэхэм я щІыналъэ къудамэхэр тщІыгъуу, налог Іуэхущ Іапіэхэм защІэдгъэкъуэн, гъэм и кІэ пщІондэ сом меларди 2,2-рэ бюджетым дгъэкІуэн хуейщ,- кьигъэльэгъуащ Премьер-министрым.

Кьыхальхьа Іуэхур - налогрэ нэгъуэщІу республикэм кьащІыхьахьм хэгъэхъэныным теухуауэ илъэс ныкъуэм зэфІагъэкІахэмрэ дяпэкІэ нэхъыщІыкъу кьапэщытхэмрэ - зэпкърахьу зэІуащІэм кьащІыпсэлъащ финансхэмкІэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Мишковэ Иринэрэ** КъБР-м и налог Іэнатіэм и унафэщым и пщэрыльхэр езыхьэкІ **Сарбашевэ Светланэрэ**.

Мишковэ Иринэ зэрыжиІамкІэ, бюджетым хэхъуэхэмкІэ и Іыхьэр кьызэрызэрагъэпэщ щыкІэм зэІуамыбэ куэд хэлъщ. Кьапщтэмэ, экономикэм и Іэнатіэхэм щызэкІуэ ахъшэм хэхъуэми, налогыу ятым хощІ. Бюджетым тэмэму кьащІалъытаэу щытамэ, транспорт лэжьыгъэм кьыпэкІуэу сом мелуани 180-рэ кьаІэрыхьэнут. Къэпсэлъам кьыззрыгъэльэгъуамкІэ, иджыпсту заводи 10-м фадэхэкІэр кьащІагъэкІ. ЩэщІрэ тІур лажьэркъым. Арами, бжьгъэхэм зэрыжаІамкІэ, арксъэуэ декалитр мин 730-рэ ягъэхьэзыращ. Акцихэм кьапэкІуэу сом мелуан 450-рэ налогыу кьыхэкІын хуеяти, кьаІэрыхьар мелуан 305-рэщ.

*(КІэухыр 2-нэ нап.).*

# ЗэІузэпэщыгъэм и лъабжьэр

• Комиссэхэр

**Ди газетым зэрыстетащи, КъБР-м и Премьер-министр Хьэсанэ Руслан щыщхьэуІум и 13-м иригъэкІуэкІащ бюджет Іэнатіэхэм я хэхуэхэр зэгъэуІуныр кьызэгъэпэщынымрэ финанс, бюджет, налог дисциплинэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъынымкІэ республикэм комиссэм и зэІущІэ зыубгъуа.**

АБЫ ХЭТАЩ УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэм и аппаратым, суд, хабзэхъумэ, кьэпщытакІуэкІэльыплъакІуэ Іуэхущ Іапіэхэм, Пенсэ фондым, Жылагъуэ палатэм, профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм, республикэм и Іыбпкъ банкым, кьалэ, район администрацэхэм, кьэрал комитетхэм я унафэщІхэр, ирагъэблагъа кьулыкъущІэхэр.

Хьэсанэ Руслан и пэублэ псалъэм кьыхигъащащ бюджет лІэужьыгъуэ псомкІэ гъэм щыгъэбелджылахэр гъэззэщІа зэрымыхъур, щытыкІэм зегъэхъуэжьыным икІэщІыпІэкІэ я кьарур хуэзащІагъуІуэн зэрыхуейр.

- КъБР-м и Іэтащхьэм Правительствэм хуигъэуващ федеральнэ бюджетым и щыхуэ псори илъэсыр икІыхьу зытригъэкІыжьыну икІи, Урысей Федерацэм и Къэзыбж палатэм кьызэригъэувым тету, мыгъэрей кьэрал программэхэм мылъкукІэ хьэхэну. КьащыхэмыщІауэ, дэ кьытпэщытщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ бюджетым зытедухуауэ щытам хуэдиз ахъшэ хуэзащІэгъэзІуэну. Абы папщІэ, федеральнэ Іэнатіэхэм я щІыналъэ къудамэхэр тщІыгъуу, налог Іуэхущ Іапіэхэм защІэдгъэкъуэн, гъэм и кІэ пщІондэ сом меларди 2,2-рэ бюджетым дгъэкІуэн хуейщ,- кьигъэльэгъуащ Премьер-министрым.

Кьыхальхьа Іуэхур - налогрэ нэгъуэщІу республикэм кьащІыхьахьм хэгъэхъэныным теухуауэ илъэс ныкъуэм зэфІагъэкІахэмрэ дяпэкІэ нэхъыщІыкъу кьапэщытхэмрэ - зэпкърахьу зэІущІэм кьащІыпсэлъащ финансхэмкІэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ **Мишковэ Иринэрэ** КъБР-м и налог Іэнатіэм и унафэщым и пщэрыльхэр езыхьэкІ **Сарбашевэ Светланэрэ**.

Мишковэ Иринэ зэрыжиІамкІэ, бюджетым хэхъуэхэмкІэ и Іыхьэр кьызэрызэрагъэпэщ щыкІэм зэІуамыбэ куэд хэлъщ. Кьапщтэмэ, экономикэм и Іэнатіэхэм щызэкІуэ ахъшэм хэхъуэми, налогыу ятым хощІ. Бюджетым тэмэму кьащІалъытаэу щытамэ, транспорт лэжьыгъэм кьыпэкІуэу сом мелуани 180-рэ кьаІэрыхьэнут. Къэпсэлъам кьызэрыгъэльэгъуамкІэ, иджыпсту заводи 10-м фадэхэкІэр кьащІагъэкІ. ЩэщІрэ тІур лажьэркъым. Арами, бжьгъэхэм зэрыжаІамкІэ, арксъэуэ декалитр мин 730-рэ ягъэхьэзыращ. Акцихэм кьапэкІуэу сом мелуан 450-рэ налогыу кьыхэкІын хуеяти, кьаІэрыхьар мелуан 305-рэщ.

*(КІэухыр 2-нэ нап.).*

## Дунейм щыхъыбархэр

### Гулъытэ хэха хуащІ

**УФ-м и Президент Путин Владимир дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ КъуэкІыпІэ Жыжьэм щыщыІэ щытыкІэм тетхуэ зэІущІэ. А Іуэхуэхэм зэпкърыхьэу тепсэлъыхьащ Амур областым и губернатор Кожемякэ Олег.**

Фигу къэдгъэкІыжьыщи, КъуэкІыпІэ Жыжьэм щыпсэуэхэр иджыри гугъу ирегъэхь псыдзэ кьащІэуам. Абы кьыхэкІыу кьызэрымыкІуэ щытыкІэм и хабзэхэр щагъэуващ щыналъытхум - Якутием, Приморскэ, Хабаровскэ крайхэм, Амур областымрэ Журт автоном областымрэ. Псыр унищэхэм ящІэуащ, зи унащхьэхэм фІэкІа кьыщІэмыщыжхэри мащІэкъым; гъэзугъэр, хьупІэхэр, мэкъумэш щІапІэхэр ирилъэсыкІащ. А щыпІэхэм щыпсэуа цІыхухэр нэхъапэІуэкІа кьыдагъэІэпэхьукІащ.

Къэрал Унафэщым кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, зыхъуэжьыныгъэмкІэ министрэху Шойгу Сергейр Пучков Владимиррэ я пщэ ирилъхьащ цІыхухэм дэІэпыкъуэгъу яхуэхъуну нэгъуащІ кьарухэри а Іуэхум хуэзащІагъэуІуэу щыналъэхэм ягъэкІуэну. Апхуэдэуи Путиным Правительствэм хуигъэуващ псыдзэм и зэран зэкІаухэм зэрадэІэпыкъу мылъкум иджыри хущІагъуну. Узынщагъэр хъумэнымкІэ министр Скворцовэ Вероникэ кьалэн щищІащ КъуэкІыпІэ Жыжьэм щыІэ санитар-эпидемиологие щытыкІэм кІэлъыплъыну, цІыхухэм и чэзум дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтын папщІэ зыхуэунну псомкІи кьызэгъэпэщащэ щытыпынт и нэІэ тригъэтыну.

### Зыщыбгъэпсэхунуи шынагъуэу кьалъытэ

**Мысырым щытыкІэр зэрыщыІэщІэпІэм кьыхэкІыу, УФ-м хамэ къэрал Іуэхуэмкіэ и министерствэм ди цІыхухэр абы зыгъэпсэхуакІуэ зэкІэ мыкІуэмэ нэхъыфІу кьелъытэ.**

«Мысырым кьэрал кІуэщІ зэпэщІэтынигъэр нэхъри тКІий щохьу, щІэпхъаджагъэу ялэжьми щыхохьэ. Зэныкъэкъу гупхэм ящыщу хэкІуадэхэри уІэгъэ хьэхэри кІуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу. Щіыху губжьаэр ятоуэ лажьэ зимыІэхэм. А псом кьыхэкІыу ди цІыхухэм ящыщу абы нэгъэгъуэжьакІуэ кІуэну мурад зыщІахэр абы иджыри зэ егупсысын хуейуэ къыдолъытэ», - жиІащ УФ-м и МИД-м и лІыкІуэ Лукашевич Александр.

Турист компаниехэми зэпагъэуащ а къэралым уэзрыкІуэ хъуну путевкэхэр щэныр. Иджыпсту Мысырым щыІэщ урысейуэ мин 50-м нэс. Абыхэм ящыщхэр дэІэпыкъунигъэ гуэр хуэныкъуэ хъумэ, зыщІагъэхъуэну а къэралым ягъэкІуащ Урысей туризмэм и лІыкІуэ гуп.

### Іэмал хъарзынэ

**Норвегием и правительствэм и унафэщІ Столтенберг Іенс, къамыщІыхуэмын щыхькІэ и щыгъыкІэр зэрихъэжкІщ, нэгъуджэ фІыщІэ зыІуилъхьэри, зы махуэкІэ таксмиу лэжьащ. Ар къыщыхъуар мазиті и пэкІэщ, ауэ зэІущІыІу щащІар иджыщ.**

Апхуэдэ «экІуэм» и щхьэусыгъэри политикэ Іуэхуу къыщІэкІащ - Норвегием и парламент хэхыныгъэ мыгувэу екІуэкІынум зыхуигъэхьэзыр щыкІэрэ, хэхакІуэхэм епсэлъыпІауэ аращ жиІар премьерым.

Столтенберг къызэрилъытэмкІэ, ар икъукІэ ІэмалыфІт къызэрыгуэкІ щыхуэкІэ зэбгъащІэныжкІэ, абыхэм я гурыгъу-гурыщІэхэм зыщыбгъэгъуэзэнымкІэ. КъызэрилъытэмкІэ, ар премьерым къехъулІащ. Пэжщ, зыгуэркэми ар къащІыхужащ, ар къызыхэкІари автомобиль-ри Іэмыкіуэлъэмыкіуэу зэрызэригъэкІуараУэ жаІэ.

## НОБЭ

- 1934 гъэм Москва къыщызэІуахащ СССР-м и Тхакіуэхэм я япэ съездыр.
- 1939 гъэм «Кабардинка» ансамблым концертхэр КъуэкІыпІэ Жыжьэм тын щыщІидзащ.
- 1960 гъэм Налшык къыщызэІуахащ изобразительнэ гъуэзджэмкІэ музей.
- 1965 гъэм Урысейм и щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ я фэеплъхэр хъумэнымкІэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэр къызэрагъэпэщащ.
- Адыгэ тхакіуэ, СССР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **КІэрашэ Тембот** къызэрыхъуэр илъэси 111-рэ ирокъу.
- Композитор, уэрджэкІакІуэ, АР-м и цІыхубэ артист **Тхьэбзыбзыкъ Умар** къызэрылъхуэр илъэс 94-рэ ирокъу.

**Дунейм и щытыкІэнур** сайтым зэритмкІэ, Налшык уэфІу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 26 – 27-рэ, жэщым градус 19 – 21-рэ щыхъунущ.

***Зыгъэхьэзырар*** **ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іуэхущ:

**ФызыфІ иІ гъуэмылэнщэ хъуркъым.**

# «Мэшыкъуэ-2013» щІалэгъуалэ зэхьихьэшхуэр къызэІуахащ

**Шыщхьэуіум и 14-м лэжьэн щІидзащ Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым и щІалэгъуалэм я «Мэшыкъуэ» зэхуэсышхуэм и еплІанэ зэхьихьэгъуэм. ТхьэмахуитІым кьрифыбдзуэ абы къырихьэлІэнущ Кавказ Ищхьэрэм и щІалэныкъэм, Урысейм и адрей щыпІэхэм, нэгъуэщІ кьэралхэм ящыщ щІалэрэ хьыджэбзу мниищым мэблагъэ.**

ЯПЭ ГУПЫР лэжьэнущ шыщхьэуІум и 21-м нэсыху. А зэманым зэхьихьэм къриихьэлІахэр щхьэж зэхьихьэ Іэхуэхэм хуеджэнущ, лекцэхэм едэІуэнущ, уиІтІыныгъэ зэмылІэужьыныгъэхэм ятещІыхьа проекту езыхэм ягъэхьэзырахэр зэрыпхагъэкІыным хущІэкъунущ.

Псыхуабэ кьыщызэхэхуа щІалэгъуалэр кьызэдкІа щыпІэхэм елыпытауэ щхьэхуэ-щхьэхуэуэрэ щІагъэтІысхьакъым, атІэ дэтхэнэми щыгъуазэ зыхуищІын папщІэ кьыхихуа уиэтІыныгъэм тетырхэр ягуэшащ. Егъэджэныгъэмрэ творчествэмкІэ программэхэм зэщІыгъуу елэжьынущ Абхъазым, Москва кьалэм, Волгоград, Астрахань, Ленинград, Тверь, Ростов областхэм, Красноярскэ, Краснодар крайм я лІыкІуэхэр.

Зэхьихьэшхуэр официальнэу дыгъуасэ кьызэІуахащ. А махуэ ды дэр хуагъэпсащ Ставрополь крайм.

*«Мэшыкъуэ-2013» зэхьихьэм и пресс-центр.*

# Адыгэхэмрэ нартхэмрэ зэщхьу сыт яхэлъыр?

• ТхылъыщІэ

**Мейкьуапэ иджыблагъэ кьыщыдэкІащ «Шэрджэсхэм я тхыдэмрэ Іуэрыіуатэмрэ» серием ныкъэ япэ тхылъыр, «Нартхэмрэ шэрджэсхэмрэ я зэхэтыкІэм зэщхьу хэтыр» зыфІащар. Едыдж Батырай и Іэдакъэ кьыщІэкІа мы кьыдэкІыгъуэм хигъэхьащ 1982 гъэм итха и доктор диссертацэр.**

КЪЫХЭГЪЭЩІПХЪЭЩ Едыдж Батырай нэхъапэуэкІи тхылъ зыбжанэ зэритэкъ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, «Адыгэхэмрэ Тырукм и кьуажэхэмрэ» (Висбаден, 1989 гъэ), «Адыгэбзэкіэ сопсалъэ» (Эдингенкъэрагъэуэн, 1999 гъэ), «Адыгэ пшынэм и макъамэм зеІэт» уэ тхылъыр (Эдельберг, 1997 гъэ), «XVII - XIX лІэщІыгъуэхэм псэуа европей суэрэтыщІхэм я лэжьыгъэхэм адыгэхэр кьызэрыхэщыр» (Мейкьуапэ, 2009 гъэ), «Бгырыпх» (Мейкьуапэ, 2011 гъэ), нэгъуэщІхэри.

ЩІэныгъэлІ цІэрыІуэ Хьэдэгъэлі Аскэр адыгэхэр кьызытехьуКІам теухуа и Іуэху епльыкІэхэр, Едыдж Батырай Иорданием щызэхуихьэсыжа нарт хъыбархэр, шэрджэсхэмрэ урысхэмрэ я зэхущытыкІар, ипэрейхэр хэкум щІрагъэІэпэхьуКІа щхьэусыгъуэхэр, Тыркум, Иорданием, Сирием, Балкан хітІыгуныкъуэм и къэралхэм Іэпхъуа ди лъэпкъгъуэхэм я псэуКІар, пщыхэр, уэркъэхэр, пщылІхэр, джэгуакІуэхэр зыщІысу щытар кьыбгурызыгъаІуэ Іыхьэхэри, хьэщІыщІ зыбгъэхэм ятекухуэхэри, нэгъуэщІ гъэщІэгъуэн куэди хигъэхьащ тхылъым.

Едыдж Батырай мы лэжьыгъэр щитхым Германием щыпсэурт. Адыгэхэм я тхыдэм фІыуэ зыхигъэгъуэзэн папщІэ, ар 1974, 1975 гъэхэм Сириемрэ Иорданиемрэ кІуащ, 1974 гъэм Адыгэ автономнэ областым, 1977 гъэм Осетие Ищхьэм щыІащ.

Мы лэжьыгъэр 1982 гъэм Германием нэмыцІбзэкІэ, 1988 гъэм Иорданием хьэрпыибзэкІэ кьыщыдэкІащ. Иджы урысыбзэкІэ дунейм кьытехьауэ аращ.

Нарт Іуэрыіуатэм елэжь, адыгэхэм я къекІуэкІыкІар зэзыгъэщІэну хущІэкъу дэтхэнэми мы тхылтыр кьызэрыхэсхэпынум щэч кьытетхьэркъым.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

# «Пшэплъ плъыжьхэм» щагъакІуэ махуэ гукъинэжхэр

• Гъэмахуэ-2013

**Джыбыл Башир и щэр зезыхъэ, сабийхэм я узынщагъэр щрагъэфІэкІуэж «Пшэплъ плъыжьхэр» центрыр Дзэлыкъуэ куейм и ныбжьыщІэхэм я гъэмахуэ зыгъэпсэхуГъуэр щагъэкІуэну фІыуэ яІагъу щыпІэщ.**

ИлъэС 40 и пэкІэ КПСС-м и Дзэлыкъуэ райкомым и япэ секретару щыта Джыбыл Башир и жэрдэмкІэ, районым ит колхозхэм зэгъусэу яухуауэ щыта «Пшэплъ плъыжьхэр» зыгъэпсэхупІэр нобэми куэдым ягу дохьэ. Гъэ къэс мыбы я узынщагъэр щрагъэфІэкІуэж щыІналъэм и еджакІуэ 300-м щІигъуи. Псом япэ ирагъэщ унагъэушхуэхэм, хуэмышІэхэм кьыхэкІа цІыкІуэхэр, сабий зенщІэхэмрэ адэ-анэхэм я нэІэм щІэмыту кьэнахэмрэ. Мы гъэм апхуэдэ сабийуэ 210-м зыщагъэпсэхуащ «Пшэплъ плъыжьхэм».

Районым и щыпІэ нэхъ дахэ дыдэр, Малкэ псым и Іуфэр, зи хэщІапІэ, узынщагъэр щрагъэфІэкІуэж центрыр сыт и пльэныкъуэкІи зыхуеяІ хуэдизу зыщагъэпсэхуным хущІащ. Сабийхэр унэ цІыкІу зэпэщхэм щІэсщ, лагерым и пщантІэм псыгуэн дэтщ, щыджэгу, макъамэ пэшхэр, футбол губгъуэ ялэщ. Лагерым щрагъэкІа щхьэкІэ ди дыдэхэр я благъэ-Іыхьлыхэм яхуэмызэшин папщІэ, «адэ-анэхэм я махуэ» щхьэхуэхэр хахащ.

Иджыпсту лагерым зыщагъэпсэху ещанэ гупым. Абыхэм я махуэхэр нэгъуэжьуэ, щІэщыгъуэу екІуэкІын папщІэ яхуеблэгъэнущ районым и артистхэр, хабзэхъумэ Іэнатіэм, мафІэс къэмыгъэхъунымкІэ Іуэхущ Іапіэм я лэжьакІуэхэр. Балигъыпіэ имыува ныбжьыщІэхэм я Іуэхуэмкіэ кьэпщытакІуэ гупым я лІыкІуэхэм сабийхэм псалъэмакъ щхьэпэхэр драгъэкІуэжынущ, зэпеуэ зэхуэмыдэхэр кьыхуэзэрагъэпэщынущ.

**БЖЬАХЪУЭ Маринетэ.**

# ЗэIуЗэпэщыгъэм и лъабжьэр

*(КIэухыр. ПэщIадзэр 1-нэ нап.).*

- Фадэхэкlхэр къыщIэзыгъэкI Iэнатlэхэм я процент 20-м сом мелардитху, е процент 50-м нэхърэ куэдкIэ нэхъыбэ, бюджетым халъхьэфынут. Къыхэгъэщыпхъэщ предприятэ щхьэхуэхэм ягъуэт хэщIхэр пэжу зэрамытыжр, мурад хэха ягъэ зэрыщIалъхъумэр, егъэлеяуэ зэрагъэбагъуэр. Псалъэм папщIэ, къата тхылъхэм тепщIыкIэмэ, опт-розницэ Iэнатlэхэм сом мелуан 312,3-рэ, транспортымрэ связымрэ сом мелуан 226,6-рэ нэгъабэ тхыдыныгъуэ яIащ. ГъэщIагъуэныракъэ, абы щыгъуэми зыми я лэжьыгъэр къагъэнакъым. Апхуэдизу къыщIэхъуар зэхэгъэкIын хуэмейуэ пIэрэ? - къыхигъэбелджыдыкIащ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэм.

Сарбашевэ Светланэ зэрыжиламкIэ, накъыгъэ кIуам и кIэм республикэм и кредитор щыIыхуэр сом мелард 30,3-м, дебитор щIыхуэр сом мелард 18,8-м нэсащ. Абыхэм ящыщу, зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдау, сом мелари 5,6-р, мелари 3,4-р щатыжьын хуей пIалъэм фIэкIащ. Щыщыплъ - накъыгъэ мазэхэм Къэбардей-Балъкъэрым хэхъуэу къащыIэрыхьар Урысейми Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэми щыщыIам нэхърэ нэхъ мащIэщ. Абы организацэхэм я зэфIэкIым кIэрегъаку. Улахуэр зэра-гъэгукIэныр, налогыр щIэзыхъумэхэр кьыззэрапщытэ, абыхэм зэракIэлъыплъ щыкIэр зэрызэкIелъагъэкIуэ законодательствэр егъэфIэкIуэныр, нэгъуэщI щыпIэхэм я пог Iэнатlэхэм зыщцезыгъэтха субподряд организацэхэм я Iэхъутхьбзэхэм къыпыкIыныр. Апхуэдизу кIыхалъхьащ бюджетым и хэхъуэхэр зэгъэзыIуныр кьыззэыгъэпэщ муниципальнэ комиссэхэм республикэм и прокуратурэм, Следствэмкlэ управленэм, КъБР-м щыIэ МВД-м, Суд приставхэм я Iэхъущlапlэм, Пенсэ фондым я лIыкIуэхэр хагъэхьэну икIи абыхэм хуитныыгъэ нэхъыбэ иратыну.

Зэйуцlэр щызэхуищIыжым Хьэсанэ Руслан кьыхигъэщащ кьапэщыт кьалэнхэр гъэзэщIэным властым и кьудамэ псори сыткIи уэзыхуэу бгъэдыкьэн зэрыуейр.

- Налог дисциплинэр къэтIэтым и мызакъуэу, езы щIыхуэхэми дадэлэжьапхъэщ. Зэйуэзэпщыгъэм и лъабжьэр налогхэр арауэ зэрыщытыр кьагурыдгъэIуэн хуейкIэ. Налогхэм хуущыщIэмэ, экономикэ зэIуэзэпэщ псэукIи щыIэнукъым, - кьыхигъэбелджыдыкIащ Правительствэм и Унафэщlым.

**ХьэЖЫКЪАРЭ Алик.**

**Ди анэдэлъхубзэр джыным, абы зиужьыным елджа щIэныгъэлI щIэрыIуэхэм ящыщи Естественнэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Куржы академием я академикыу щыта, Кавказыр зыдджэм я Европей зэгухьэныгъэм хэта, Кавказыр джыным хуищIа хлъхьэныгъэ иным пащIэ дунейпсо сауГъэтыр зыхуэгъэфща, БкъР-м щIэныгъэхэмкIэ Урысей академием я академикыу щыта, Кавказыр зыдджэм я Европей зэгухьэныгъэм хэта, Кавказыр джыным хуищIа хлъхьэныгъэ иным пащIэ дунейпсо сауГъэтыр зыхуэгъэфща, БкъР-м щIэныгъэхэмкIэ Урысей академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Куржы